Mwen te teste pozitif pou COVID-19. Kounya Kisa?

Kèlkeswa estati vaksinasyon an: Izole

Rete lakay pou 5 jou

Ou pa gen sentòm, oswa w santi w byen?

Si w pa gen okenn sentòm, oswa sentòm yo vin amelyore – epitou w pa gen okenn lafyèv pandan omwen 24 èdtan san medikaman – epi w te izole pandan 5 jou, ou kapab kite lakay ou.

Èske w te fè yon tès antijèn nan 6yèm jou a?

- **Non** → **Kontinye mete yon respiratè lè gen lòt moun bò kote w pou 5 jou**
- **Wi**
  - **Si negatif** → **Kontinye mete yon respiratè lè gen lòt moun bò kote w pou 5 jou**
  - **Si pozitif** → **Kontinye izole pou yon lòt 5 jou**

Sentòm yo vin pi grav oswa yo rete menm jan an?

Rete lakay ou jiskaske w pa gen okenn sentòm, oswa jiskaske sentòm ou yo disparèt, EPI gen 24 èdtan ki pase depi lafyèv ou a te rete san medikaman, LÈ SA A, ou kapab kite lakay ou. Pou kesyon konsènan sentòm yo: Rele pwofesyonèl swen sante w la.

Kontinye mete yon respiratè lè gen lòt moun bò kote w pou 5 jou